

KOUMAN NOU DWE FÈ DISIP POU FÈ LÒT DISIP.

Se gratis nou resevwa, se gratis pou nou bay. 1

aktivite 1

PREPARASYON ESPIRITYÈL

- * Enstriksyon pou pwofesè a: Prezante tèt ou nan gwoup la epi byen akeyi tout moun nan fòmasyon an.
- * Pase yon fèy bay moun yo pou yo ka ekri non yo, nimewo telefòn ak adrès imel yo.
- * Komanse avèk yon priyè. Mande kiyès ki ta renmen priye?
- * Fè tout moun pase nan sal la epi li paj sa ni lòt la byen fò.

EGZAMINASYON KONSYANS YO

1. Mwen bay Bondye nou an glwa pou favè ke li fèm.
2. Mwen mande gras poum ka konn pechem yo e poum ka delivre tèt mwen anba yo.
3. Mwen egzamine nanm mwen poum wè ki dènye fwa mwen peche, swa nan panse, nan pawòl oubyen nan zèv mwen yo.
4. Mande Bondye padon pou fot mwen yo.
5. Pran desizyon pouw chanje avèk gras Bondye.

KONVÈSASYON AN

(Remak: Pale menm jan yon zanmi ap pale avèk yon lòt. Mande li padon pou yon move bagay ou te fè. Dil ki plan ou genyen, epi mandel konsèy li.)

Imajine, Seyè nou an kanpe devan ou epi ou kòmanse pale avèk li, mande li kouman li santil li menm ki se kreyatè a, Li te aksepte poul vin yon moun, li dakò soti nan lavi ki pap janm fini an poul te ka vin mouri sou latè, sèlman poul te ka mouri pou peche nou yo.

Nan prezans li, reflechi sou bagay sa yo:

Kisa mwen te fè pou Kris la? Kisa mwen fè pou Kris la? Kisa mwen dwe fè pou Kris la?

EGZAMINASYON PANSE YO

Mwen gen vikwa sou peche lè:

- Yon panse poum komèt yon peche vini nan lespri mwen, e mwen reziste avèk li menm kote a, e mwen venk li.
 - Si menm panse a retounen ankò e ankò, e mwen toujou reziste li, mwen pote vikwa sou li.
- Mwen koupab de peche nan pansem se lè:
- Panse peche a vini nan tèt mwen epi mwen pote atansyon avèl, oubyen mwen pran plezi ladanl oubyen mwen fè neglijan poum chasel.
 - Mwen dakò ak move panse a, epi mwen gen entansyon fè sal di a.
 - Mwen fè sa move panse a dim fè a.
- * Kontinye lekti a

PREPARASYON ESPIRITYÈL (Kontinye)

EGZAMINASYON MO YO

- bay manti, griyen dan sou moun, joure, oswa pale lèd.
- Koutlang ak tripotaj - Mwen peche si mwen revele yon peche yon lòt moun, sof si peche a te fèt piblikman oswa mwen revele peche sa ak yon lòt moun nan entansyon ke moun sa a mwen pale a kapab ede pechè a soti nan pechel yo.

EGZAMINASYON ZÈV YO

- Ou pa dwe gen okenn lòt Bondye ke mwen menm sèl.
 - Ou pa dwe fè okenn estati, oswa nenpòt ki pòtre ki sanble bagay ki nan syèl la anwo a, oswa sa ki sou latè a anba, oswa ki nan dlo anba tè a. Ou pa dwe bese tèt devan yo oswa sèvi yo, paske mwen menm Senyè a, Bondye nou an mwen se yon Bondye ki fè jalouzi.
 - Ou pa dwe pran non Seyè a, Bondye nou an pou granmesi.
 - Sonje jou repo a, kenbe li apa pou mwen. Sis jou ou va travay, e fè tout travay ou. Men, setyèm jou a se jou repo Seyè a, Bondye ou. Jou sa a, nou p'ap fè ankenn travay, ou menm, oswa pitit ou a, oswa pitit fi ou, gason, sèvitè ou, oubyen pou gason, sèvitè ou, oswa bèt ou a, oswa etranje ki lakay ou.
 - Respekte papa ou ak manman ou.
 - Ou pa dwe touye moun.
 - Ou pa dwe fè adiltè.
 - Ou pa dwe vòlè.
 - Ou pa dwe bay manti sou frè ou.
 - Ou pa dwe konvwate kay vwazen ou; ou pa dwe janm pote lanvi sou madanm frè ou, oswa sou moun kap sèvi lakay li, oswa sou bèf li, ni sou bourik li, ni sou anyen ki pou frè parey nou.
- * Mande tout gwoup la pou li lapriyè Seyè a byen fò.

Matye 6: 9-13

9- "Men ki jan nou dwe lapriyè"; Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou.

10- vini etabli gouvènman, pou yo fè volonte ou, sou latè, tankou yo fèl nan syèl la.

11- Manje nou bezwen an ban nou li Jodi a.

12- Padonnen tout sa nou nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal

13- Pa kite noun nan pozisyon pou nou tonbe nan tantasyon, men delivre nou anba satan.

Aktivite 2

FÈ DISIP

* Revize paj sa a ak gwoup la tout antye.

Priyorite nimewo 1 nou se fè disip.

Kisa dènye kòmandman Jezi a te ye?

Matye 28: 19-20

19- Se poutèt sa ale, epi fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa, Pitit la ak Sentepri a.

20- Anseye yo pou yo obeyi tout bagay mwen te kòmande nou. Sonje sa byen: Mwen la avèk nou toulèjou jouk sa kaba.
Lòd la se pou tout kretyen.

Frè Curtis te sou yon zile Chinwa ak plis pase 6 milyon moun lè li te reyalize ke li pa tap kapab janm rive pale ak tout moun nan zile sa sil ta pale avèk yo youn pa youn. Olye de sa, li te kòmanse itilize teknik sa e nan apeprè 7 ane, plis pase 600,000 moun te pran angajman pou yo swiv Jezi. Kounye a, Frè Curtis te ale e li te pataje fòmasyon sa a nan 99 lòt peyi yo. Ou pap bezwen gen yon legliz pou sa, ni peye okenn anplwaye, ou pa bezwen okenn bidjè, pa gen pwogram e pa gen okenn depans. Li senp epi li fasil pou repwodui.

Renmen Bondye

Wa 4

Aktivite 3

Intwodiksyon

* Fè tout moun gen yon parèy (gason ak gason & fanm ak fanm). Ou menm ak patnè ou a pral gen 10 minit pou fè konesans pou youn ka konn lòt. Lè sa a chak moun pral gen 1 minit pou prezante patnè li a devan tout gwoup la.

* Apre 10 minit pèmèt chak moun 1 minit pou prezante patnèl la. 5

Aktivite 4

* Revize paj sa a ak gwoup la tout antye. Mande pou yon volontè li vèsè sa yo.

Nap fè yon kout priyè.

Si nou pa ka wè Bondye oswa tande li kijan nou ka fè suiv li?

Jezi sèlman te fè e di sa Papa a te fè e di.

Jan 5:30

30 Mwen pa kapab fè anyen pou kont mwen. Map jije daprè sa Bondye di mwen. Jijman mwen bon paske sa map chache fè a se pa sa mwen vle, men sa moun ki voyem nan vle.

Jan 8:47

47 Tout moun ki moun Bondye, yo koute pawòl Bondye. Men nou menm, nou pa moun Bondye. Se sak fè nou pa vle koute.

Jan 10:27

27 Mouton m' yo koute vwa m', mwen konnen yo epi yo swiv mwen.

Jan 12: 49-50

49 Se pa pawol pam map pale la. Men, Papa ki voye m' nan, se li menm ki banm lòd sa poum di ak sa poum pale.

50 Mwen menm, mwen konnen tout kòmandman li yo bay lavi ki pap janm fini an. Se sak fè sa map di a, map dil jan Papa m' te banm lòd la.

Jan 14:10

10 Genlè ou pa kwè mwen nan Papa a? Ou pa kwè Papa a nan mwen tou? Tout pawòl mwen di nou yo, se pa nan mwen yo soti. Papa a ki fè youn ak mwen an se li menm kap fè travay li.

Jan 15:15

15 Mwen pap rele nou domestik paske yon domestik pa konnen sa mèl li ap fè. Map rele nou zanmi paske mwen fè nou konnen tout sa Papa a te montre mwen.

Jan 16: 13-14

13- Men, li menm Lespri kap montre verite a lè li a vini la Mennen noun nan tout verite a. Paske li pap pale pawòl pa li. Men, tout sa la tandè se sa la di nou: La fè nou konnen bagay ki gen pou rive.

14- Li pral fè yo wè pouvwa mwen, paske la pran sa ki pou mwen poul fè nou konnen yo.

Atravè ministè Sentespri a Bondye pale ak nou. 6

Aktivite 5

ENTWODIKSYON DEZYEM PATI - Koute Seyè a

- * Pran 5 minit pouw lapriyè an silans epi mande Senyè a kijan li pral prezante patnè ou a.
- * Apre 5 minit pèmèt chak moun 1 minit pou prezante patnè yo a jan ke Jezi tap vle poul prezante li.
- * Apre entwodiksyon yo, mande si yon moun gen kesyon oswa kòmantè. 7

Aktivite 6 Gwoup santral (Baz)

- * Divize an gwoup de 6 oswa 8 moun (gason ak fanm ansanm).
- * Sote premye gwoup la (Kitel) pou aktivite 6 la sèlman.
- * Mandè animate yo li enfòmasyon yo ak kesyon yo ak anpil atansyon epi byen fò epi bay dezyèm seksyon an 60 minit poul ka chache epi fè menm bagay la pou pou seksyon 3 a tou.
- * Animatè chak gwoup yo se moun ki va gen poul fete anivèsè li pwochènman an.
- * Sèvi ak Mak 5: 1-20 pou pati gwoup sa yo.

FÒMA REYINYON SENP –

fòma sa a fèt pou établi jan de karaktè kwayan yo. Ou pral rankontre ak gwoup de baz ou a yon fwa yon pa semèn pou omwen 90 minit. Va genyen lòt fòma de reyinyon disponib nan fen manyèl de fòmasyon sa pou moun ki fèk ap kòmanse ak moun ki pa kwayan.

1. Toujou fè yon ti tan de poz anviron 30 minit chak fwa wap gen pouw kòmanse ak yon lòt gwoup. Pataje yon repa, bwason, yon istwa de semèn nan oubyen yon priyè ke Bondye te reponn ou. Oubyen kijan relasyon pèsònèl chak moun ki la ye avèk Bondye pandan semen sa? Si yon moun gen difikilte priye pou li, epi lèw fini fon ti rete pouw pale ak moun sa.

Verifikasyon (pa janm bliye fè sa)

Eske ou te obeyi ak sa ou te aprann yo? Ak kiyès ou te travay epi kisa ou te aprann? Ak kiyès ou te pataje istwa ou a oubyen istwa Bondye a?

(Revize angajmanw yo nan rankont semen dènye a)

Vizyon (pa janm bliye fè sa)

Pataje yon istwa nan Bib la, yon istwa pèsònèl, yon eslogan enspire oswa yon chante pou ankouraje youn lòt pou pataje pawòl Jezi ak lòt moun, pou yo ka kòmanse nouvo gwoup, epi ede lòt moun fè menm bagay la.

Ou ka sèvi ak youn nan pasaj nan Bib la pou kòmanse:

Matye 28: 18-20, Lik 10: 1-11, Travay 1: 8, Lik 19: 1-10, Matye 13: 1-23 (epi lòt vèsè ki genyen nan fen manyèl de fòmasyon sa a).

2. Toujou fè sa chak fwa ke wap kòmanse avèk yon lòt gwoup.

Li epi diskite

Mande Bondye anseye ou pasaj sa a. Li pasaj semèn sa a. Epi poze kesyon sa yo:

1. Kisa ou te renmen sou pasaj sa a?
2. Kisa ou wè ki difisil nan pasaj sa a?

Li pasaj semèn sa a ankò. Epi poze kesyon sa yo:

3. Kisa pasaj sa a anseye ou sou moun?
4. Kisa pasaj sa a anseye ou sou Bondye?

3. Kontinye, pandan wap pran 30 minit nan tan an.

Obeyi. Anseye. Pataje. (pa janm bliye sa)

Fè tout moun nan gwoup la lapriyè pou Seyè a montre yo ki jan pou yo reponn kesyon sa yo, epi pou pran angajman.

Ekri angajman sa yo ki ekri anba a epi kenbe yo pou reyinyon semèn pwochen nan. Mande:

5. Ki jan ou pral obeyi pasaj sa a?
6. Ki moun ou pral anseye ak pasaj sa a?
7. Avèk ki moun ou pral pataje istwa ou a oswa istwa Bondye a?

Pratik (Toujou fè sa) -

nan gwoup de 2 oswa 3, pratike angajman sa yo kew te bay nan kesyon 5, 6 oswa 7 la.

Pa egzanp, antame yon konvèsasyon difisil oswa yon moun kap fè fas ak yon tantasyon; pratike pasaj kew te anseye jodi a, oswa pataje levanjil la (istwa Bondye a).

Pale avèk Bondye – nan gwoup de 2 oswa 3, priye pou chak manm endividyèlman. Mande Bondye pou prepare kè moun yo ki pral tande pale de Jezi pandan semèn sa a. Mande li ba ou fòs pou ou obeyi ak angajman ou yo.

* Mande si yon moun gen kesyon oswa kòmantè. 8

Aktivite 7

Pataje istwa ou

* Monitè a pataje istwa li ak tout gwoup la.

* Mande chak moun li enstriksyon ki anba a epi ekri istwa yo nan 15 minit.

* Apre yo fin ekri istwa yo a se pou yo chak pataje li avèk patnè yo nan 3 minit oswa mwens.

* Fè yo chak di istwa yo a 5 fwa. A chak fwa fe kòm si se ak yon lòt moun ou tap pale nan reyalite a.

Ou pral bezwen prepare istwa ou a e toujou pare pou pataje li avèk moun. Si yo reseptif, ou ka lè sa a, rakonte yo istwa Jezi a. Men ki jan ou ka rakonte istwa ou:

Pale sou lavi ou anvan ou tap swiv Jezi. Dekri santiman ou yo, doulè ou yo, solitud ou yo, kesyon de (sa ki pase apre lanmò?), oswa lit ou te konn genyen anvanw te kòmanse swiv Jezi.

Pale de lavi ou apre ou fin aksepte Jezi - Di yo ki jan Jezi chanje lavi ou. Pale yo de lajwa, lapè epi padon ke Jezi ba ou.

Mande yon repons - istwa ou a ta dwe on fason pou moun ka baw repons. Fini ak yon kesyon ki pral ede ou dekouvri nivo moun nan epi enterè espiyèl li. Poze yon kesyon tankou: "Èske ou ta renmen konnen ki jan ou ka jwenn padon?" oswa "Èske ou ta renmen Bondye chanje lavi ou?"

Pa fè li long anviron (3 minit oswa mwens) - istwa ou a ta dwe kout epi enteresan. Ou pa bezwen fatigew epi pa pale twòp pou moun yo pa dekouraje epi pa yo pa pote atansyon a ou.

Anpil moun nan Bib la pataje temwayaj pèsonèl yo. Men kèk egzanp tankou; Nonm move lespri a (Mak 5: 18-20), fanm Samaritèn nan (Jan 4: 28-30, 39), Pyè ak Jan (Travay 4: 18-21) ak Pòl (Travay 9: 1-22; 22: 3-16; 26: 9-18). Ou ta dwe li pasaj sa yo pouw ka jwenn kèk ide sou jan ou ka pataje konfyans ou nan Bondye nan fason sa.

Men yon egzanp sou jan pouw prepare:

Bonjou, mwen rele _____, mwen soti _____. Mwen ka toujou sonje doule mwen te santi lè madanm mwen avèm te aprann ke ti pitit fi nou ki ta sipoze fèt nan 3 semèn te mouri. Se nan moman sa yo ke yon moun pral konnen sil te met lafwa li nan yon bagay serye. Mwen te fèt e leve nan yon fanmi ki te renmen Jezi e depi lèm piti mwen lage vim nan men l'. Kom mwen vin ap grandi mwen pa janm poze fè eksperyans lafwa mwen, men mwen toujou twouvem nan

sitiyasyon ke mwen wè Jezi toujou fè egzakteman sa li pwomèt. Olye poum ta pèdi lafwa nan Jezi lanmò pitit fi mwen an te montre mwen pwofondè konpasyon Bondye e konfò li. Sa ke mwen te aprann nan Bib la preparem kont depresyon, dezespwa epi amètim. Mwen te konnen ke mwen te ka fè Bondye konfyans nan tout bagay. Pandan tout lavi m' mwen te gen benediksyon poum te ka ede lòt moun konnen Jezi. Lè yon moun deside sispann kwè nan tèt li ak fè sa li kwè li dwe fè pou l' suiv Jezi, fè sa li te bay lòd poum fè epi fè Jezi konfyans pou tout lavi li, konsa li ta wè Wayòm Bondye kap vini. Mwen te konn kèk fanmi ki te plen ak kòlè ki transfòme pa Jezi an fanmi ki ranpli ak lanmou. Mwen te konn moun ki te vle touye tèt yo ki transfòme pa Jezi an moun ki ap enkyete yo pou lòt moun. Mwen te konn moun ki te sèlman wè pou yo rich ki chanje pa Jezi e kounye a ki jwenn lajwa nan renmen lòt moun. Mwen wè jan Bondye geri lavi moun epi ranpli vi yo ak lajwa.

Bondye ap kontinye travay nan lavi mwen. Mwen toujou sezi wè lanmou ak fidelite Bondye, sajès li epi jan li pran swen mwen. Map mande tèt mwen si apre nou fin tande istwa mwen an, si ou gen kèk kesyon sou Bondye konsènan laviw. 9

Aktivite 8

Lis de 100

* Bay gwoup la 15 minit pou l' ka li epi pou l' swiv enstriksyon yo ki nan paj sa a. Si yo pa fini bay li kòm devwa pou yo fè lakay yo.

Fè on lis tout zanmi ou, kòlèg travay ou, vwazen ak fanmi ke ou gen rapò ak yo.

Nan pati “dat” la, ekri kilè wap envite zanmiw la pou l' fè yon lòt pa nan relasyon espiyèl li.

Pou enkonvèti oswa enkoni, pataje levanjil la avèk yo (istwa Jezi a) ak istwa ou menm oswa envite yo nan yon rankont wap genyen ak youn nan gwoup santral yo. Si tout fwa yo konvèti déjà oubyen yo fèk konvèti, ankouraje yo kòmanse yon Group tou epi ofri yo pou ou ta gid yo.

Ankouraje yo kòmanse yon gwoup pou yo ka fè yon lis de 100 tou. Fè yo ranpli lis de 100 an epi montre yo kijan pou yo prepare lis la.

Non Dat kwayan enkoni enkonvèti

1. _____

2. _____

3. _____

4. _____

5. _____

6. _____

7. _____
8. _____
9. _____
10. _____
11. _____
12. _____
13. _____
14. _____
15. _____
16. _____
17. _____
18. _____
19. _____
20. _____
21. _____
22. _____ 10
23. _____
24. _____
25. _____
26. _____
27. _____
28. _____
29. _____

30. _____
31. _____
32. _____
33. _____
34. _____
35. _____
36. _____
37. _____
38. _____
39. _____
40. _____
41. _____
42. _____
43. _____
44. _____
45. _____
46. _____
47. _____
48. _____
49. _____
50. _____
51. _____
52. _____
53. _____

54. _____ □ □ □
55. _____ □ □ □
56. _____ □ □ □
57. _____ □ □ □
58. _____ □ □ □
59. _____ □ □ □
60. _____ □ □ □
61. _____ □ □ □
62. _____ □ □ □
63. _____ □ □ □
64. _____ □ □ □
65. _____ □ □ □
66. _____ □ □ □
67. _____ □ □ □ 11
68. _____ □ □ □
69. _____ □ □ □
70. _____ □ □ □
71. _____ □ □ □
72. _____ □ □ □
73. _____ □ □ □
74. _____ □ □ □
75. _____ □ □ □
76. _____ □ □ □
77. _____ □ □ □
78. _____ □ □ □

79. _____ □ □ □
80. _____ □ □ □
81. _____ □ □ □
82. _____ □ □ □
83. _____ □ □ □
84. _____ □ □ □
85. _____ □ □ □
86. _____ □ □ □
87. _____ □ □ □
88. _____ □ □ □
89. _____ □ □ □
90. _____ □ □ □
91. _____ □ □ □
92. _____ □ □ □
93. _____ □ □ □
94. _____ □ □ □
95. _____ □ □ □
96. _____ □ □ □
97. _____ □ □ □
98. _____ □ □ □
99. _____ □ □ □
100. _____ □ □ □12

Aktivite 9 Gwoup santral (Baz) - 2

Dezyèm Seksyon Pratik

* Divize yo an gwoup de 6 oswa 8 moun (gason ansanm ak fanm).

- * Mande animate yo li enfòmasyon yo ak kesyon yo ak anpil atansyon epi byen fò epi bay 90 minit pou seksyon 1 (fè yon ti revize), epi kontinye avèk seksyon 2 a epi seksyon 3 a.
- * Animatè chak gwoup yo se moun ki va gen poul fete anivèsè li pwochènman an.
- * Itilize 1 Korentyen 15:1-8, Women 3:23 ak Women 6:23 pou pati gwoup debaz sa.
- * Pandan sa fè on ti revizyon sou sesyon dèyè a, fè sanblan wap pataje istwa ou a ak yon moun.

FÒMA REYINYON SENP - Fòma sa a fèt pou etabli kwayan. Ou pral gen pou rankontre ak gwoup debaz ou yon fwa pa semèn pou pi piti 90 minit. Ap gen lòt fòma de reyinyon kap disponib nan fen fòmasyon an pou moun kap kòmanse epi pou moun ki pa kwayan.

1. Toujou fè yon ti tan de poz anviron 30 minit chak fwa wap gen pouw kòmanse ak yon lòt gwoup. Pataje yon repa, bwason, yon istwa de semèn nan oubyen yon priyè ke Bondye te reponn ou. Oubyen kijan relasyon pèsònèl chak moun ki la ye avèk Bondye pandan semen sa? Si yon moun gen difikilte priye pou li, epi lèw fini fon ti rete pouw pale ak moun sa.

Toujou fè sa chak fwa ke wap kòmanse avèk yon lòt gwoup.

Ki jan ou te obeyi sa ou te aprann yo? Ak kimoun ou te pataje sa ou te aprann yo? Avèk ki moun ou te pataje istwa ou a oswa istwa Bondye a? (Revize angajman yo nan reyinyon semèn pase a)

Vizyon (Toujou fè sa)

Pataje yon istwa nan Bib la, yon istwa pèsònèl, yon eslogan oswa yon chante pou ankouraje yo youn lòt pou pataje pawòl Jezi a ak lòt moun, pou yo ka kòmanse nouvo gwoup, epi ede lòt moun fè menm bagay la tou. Ou ka itilize youn nan pasaj Bib la yo pouw kòmanse: Matye 28: 18-20, Lik 10: 1-11, Travay 1: 8, Lik 19: 1-10, Matye 13: 1-23 (Epi lòt vèsè ki genyen nan fen fòmasyon sa a).

2. Toujou fè yon ti tan de poz anviron 30 minit chak fwa wap gen pouw kòmanse ak yon lòt gwoup.

Li epi diskite sou

Mande Bondye anseye ou pasaj sa a. Li pasaj semèn sa a. Epi poze kesyon sa yo:

1. Kisa ou te renmen sou pasaj sa a?
2. Kisa ou wè ki difisil nan pasaj sa a?

Li pasaj semèn sa a ankò. Epi poze kesyon sa yo:

3. Kisa pasaj sa a anseye ou sou moun?
4. Kisa pasaj sa a anseye ou sou Bondye?

3. Kontinye, pandan wap pran 30 minit nan tan an.

Obeyi. Anseye. Pataje. (pa janm bliye sa)

Fè tout moun nan gwoup la lapriyè pou Seyè a montre yo ki jan pou yo reponn kesyon sa yo, epi pou pran angajman.

Ekri angajman sa yo ki ekri anba a epi kenbe yo pou reyinyon semèn pwochen nan. Mande:

5. Ki jan ou pral obeyi pasaj sa a?
6. Ki moun ou pral anseye ak pasaj sa a?
7. Avèk ki moun ou pral pataje istwa ou a oswa istwa Bondye a?

Pratik (Toujou fè sa) - nan gwoup de 2 oswa 3, pratike angajman sa yo kew te bay nan kesyon 5, 6 oswa 7 la.

Pa egzanzp, antame yon konvèsasyon difisil oswa yon moun kap fè fas ak yon tantasyon; pratike pasaj kew te anseye jodi a, oswa pataje levanjil la (istwa Bondye a).

Pale avèk Bondye – nan gwoup de 2 oswa 3, priye pou chak manm endividyèlman. Mande Bondye pou prepare kè moun yo ki pral tande pale de Jezi pandan semèn sa a. Mande li ba ou fòs pou ou obeyi ak angajman ou yo. 13

Aktivite 10

ISTWA JEZI A

- * Antrenè a pataje istwa levanjil Jezi a avèk tout gwoup la.
- * Mande chak moun pou etidye 3 paj sa yo epi jwenn yon fason pou yo ka pataje istwa Jezi a.
- * Bay 30 minit pou aktivite sa a.
- * Lè yo fin li pasaj yo fè chak manm pataje sa yo sot li a ak patnè yo a nan 3 minit oswa mwens.
- * A chak fwa pou yo fè kòm si se ak yon moun nan lis de 100 an ke yap patajel.

Gen plizyè fason nou ka pataje levanjil la. Men 3 egzanzp:

1. Women 1: 18-20, 28-32- Idantite Bondye ak wòl li

Kiyès Bondye ye?

Kisa ki fè Bondye fache?

2. Ròm 3: 23- Kisa lòm nan bezwen pou li sove.

Kisa ki pwoblèm esprityèl lòm nan?

Ki moun ki fè peche?

Kisa peche ye?

3. Women 6: 23- Rezilta peche yo.

Ki salè peche?

Ki moun ki pral resevwa salè sa a?

Ki plan Bondye pou sove lèzòm?

4. Women 5: 6-10- Kris la te mouri pou peye sale peche nou yo e li resisite ankò poul ka bay lavi ki pap fini an.

Kijan Bondye renmen nou?

Ki jan li te peye pou peche nou yo?

Ki jan li te sove nou epi ban nou lavi ki pap janm fini an?

5. Women 10: 9-10- Ki jan yon moun kapab resevwa Sali sa ke Bondye ofri a?

Ki de bagay yon moun dwe fè poul ka sove?

Kisa sa vle di kwè?

Kisa sa vle di lè ou rele Jezi, Seyè ou?

6. Mande yo si yo ta renmen vin disip Jezi. Priye avèk yo pou yo ka aksepte kado lavi a epi

remèt lavi yo bay Bondye.

7. Wom. 10: 13- Asirans sali a.

Ki sa vèsè sa pwomèt?

Ki sa ou te fè?

Ki sa Bondye te fè pou ou?

Wom. 3:23 Wom. 6:23

lanmò

Wom. 5: 8 Wom. 10: 9 . 14

BONDYE

Yon vèsè evanjelizasyon

Men yon kout ide sou kòman sa fonksyone. An nou di Bondye voye ou pataje Levanjil la avèk frè ou yo. ekri sa

Women 6:23 sou yon moso papyè oswa yon moso twal: "Salè peche a se lanmò, men kado Bondye bay la se lavi ki pap janm fini an nan Jezi Kris Seyè nou an ". Kounye a mete Bib ou a la. Mande frèw la sil ta renmen wè yon senp egzanp selon pasaj sa ki eksplike realasyon Bondye avèk lèzòm.

SALÈ

Ansèkle mo sa epi mande, "Kijan ou tap santiw si patron ou pa vle peyew salèw ke li dwew?" Nou tout konnen trè byen ke li nòmal pou yo ba nou sa nou merite. Se menm jan an tou nap touche sale nan men Bondye pou fason nou te Mennen vi nou.

PECHE

Fè yon wonn otou de mo "peche a", mande frèw la kisa li panse lè li tande mo sa. Ou dwe eksplike li ke peche a plis nan atitid ke nan aksyon. Li kapab tou jan nou ap goumen ak Bondye oubyen tou metel apa nan lavi nou.

Ou ka mande, "Eske ou santi Bondye lwen ou?" Si li di "wi" di li se youn nan bagay ke peche fè, li fè Bondye rete lwen ou. Kounye a imajine 2 falèz fas a fas epi ki genyen yon gwo vid nan mitan yo.

LANMÒ

Fè yon ti wonn otou mo sa a epi mande sa ki panse vini nan tèt ou. Ansèkle mo sa epi mande sal panse de li. Eksplike ke nan Bib la lanmò toujou kite yon panse de separasyon.

MEN

Pandan wap ansèkle mo sa, li enpòtan paske li avèti gen yon ide enpotan kap vini. Sa nou fèk sot wè la se move nouvèl, men sa kap vini an se bon nouvèl.

KADO

Fè yon wonn otou de mo sa. Mande, " si sale a se yon bagay ke moun nan genyen, kisa kado a ye menm?" Fè frèw la konnen ke moun nan dwe achte kado a.

BONDYE

Ansèkle sa epi eksplike frèw la ke kado sa wap pale a li gratis. Se Bondye menm ki bay li. Okenn lòt moun paka bay li paske li espesyal. Mande li, " Kijan ou santiw lè yon moun baw yon kado espesyal?"

LAVI KI PAP FINI AN

Ansèkle fraz sa epi mande, “Kijan ou te ka defini mo sa yo?” Imajine nan yon bò falèz, se lanmò, epi nan lòt bò a se lavi ki pap fini an. Mande, “ki kontrè de separe de Bondye?”

JEZI KRI

Kounye a imajine non sa kòm yon pon ant de falès sa yo. Ede zanmiw lan konprann ke chak kado gen yon moun ki bay li, e se sèlman Jezi ki ka bay kado lavi ki pap janm fini an.

SEYÈ

Ansèkle mo sa epi eksplike li lè yon moun rekonèt ke Jezi se Seyè li sa vle di li aksepte li kòm wa. Kado lavi ki pap janm fini an se menm jan ak yon kado bag maryaj. Sa enplike kòmansman yon relasyon.

KONFYANS

Ekri mo sa sou pon ou sot fè a. eksplike frèw la ke zanmi fè konfyans youn ak lòt epi di li ke Jezi vle gen yon relasyon de konfyans avè li. Tout sa li dwe fè se admèt ke li responsab pou “peche” deske li ap lite epi repouse Bondye nan lavi li. Se pou sa konfyans vle di, se kwè ke Jezi vle padone ou dèskè ou te repousel nan laviw. E kounye a ou ka mande frèw la sil vle kòmansman yon relasyon ak Bondye kap dire pou tout tan. Si li di “wi” mandel pou li fè yon kout priyè ak pwòp pawòl li, poul mande Jezi pou padone li. Fini pouw di moun yo sa se yon ilustrasyon ki montre jan Bondye ye; yon Bondye ki vrèman pran ka moun, e nou menm tou. Mande yo pou yo ka li tout bagay sou Bondye nan Bib la, petèt nou ka kòmansman nan Levanjil de Jan.

LAP RENYE LI TE VINI LE TE MOURI LI MONTE E LAP RETOUPEN

Nan kòmansman an, Bondye te kreye yon mond pafè. Li te fè lòm nan yon fanmi pou li. Lòm te leve kont Bondye epi yo rantre peche ak soufrans nan mond lan. Sa vle di ke lòm te separe de fanmi Bondye a. Bondye voye pitit li a nan mond lan pou rekonsilye lòm avèk li. Jezi te Mennen yon vi pafè. Li te pale moun yo de Bondye. Li fè yon pakèt mirak epi li geri anpil moun pou montre yo lanmou ak pouvwa Bondye. Malgre Jezi te mennen yon vi ki sen, e li pa ta dwe mouri, li chwazi mouri sou yon kwa pou peche nou yo.

Li te antere nan yon kavò. Bondye wè sakrifis Jezi a pou peche nou yo e li akseptel. Li montre sa lè li resisite Jezi sou twazyèm jou a. Sa vle di si nou rekonèt Jezi kòm Seyè (Bondye) e ke li te mouri pou peche nou, repanti de peche nou yo e mandel poul sove nou epi Bondye kapab aksepté nou ankò nan fanmil lan epi Bondye va ba nou Sentespri a pou viv nan lavi nou.

Jezi te rete sou late pandan 40 jou apre li te fin resisite a. Li te anseye disip yo ke pa pouvwa Sentespri a yo kapab fè disip tou toupatou sou latè, pou vin nan fanmi Bondye a. Epi li monte nan syèl la pandan disip yo tap gade.

Nan tan kap vini yo lap retoupen poul ka pini ènmi li yo, tout sa yo ki pat swiv li, epi poul ka renye avèk fanmil yo pou tout tan. 16

Aktivite 11

PRENSIP POU DISIP

*Revize paj sa ak tout gwoup la.

Chak disip se yon moun kap fè disip, chak kay se yon sant fòmasyon, chak legliz se yon

misyon de òganizasyon.

Elve disip - Ou pa bezwen yon manman kana. Jezi se manman kana a. jis

swiv epi Mennen yo tankou yon manman kana. Ou sèlman bezwen yon pa devan yo.

Eske nou se dè disip ki merite gen moun ki sanble avèk nou? Èske nou toujou prè pou obeyi rapid, byen ke sa koute chè?

Yo te mande Abraram poul kite lakay li, e nan kèk jou li te pati. Yo te mande Abraram pou li sikonsi tèt li epi tout moun ki tap travay avèl e nan kèk jou li te fè sa. Yo te mande Abraram pou li sakrifye piti gason li e nan kèk jou li te pral fè sa.

Doub Responsabilite - Obeyi epi anseye

Ekonomize Materyèl - sa mwen genyen epi ou pa genyen, chache epi pran tout materyèl ou kapab.

Ekonomi Espirityèl - Nou jwenn plis lè nou bay sa nou te resevwa.

Responsabilite = Pi gwo ekspresyon nan lanmou. Obeyisans atache ak lanmou.

PA DWE GENYEN ANKENN ENPLIKASYON NEGATIF NAN RESPONSABILITE, OBYISANS OSWA DEVWA.

Nouri pwòp tèt nou - Tèm “Nouri pwòp tèt nou an” vle di ke li ta dwe evidan nan lavi nou si nou vle vin disip fòk nou ka repwodwi. Men sa nou bezwen pou nou ka nourri tèt nou:

1. Lekti Pawòl la
2. Lapriyè - pale ak Bondye ase enpòtan menm jan ak koute Bondye
3. Fason nou viv - nou dwe viv ansanm youn ak lòt
4. Pèsekisyon & soufrans se yon bagay nòmal pou yon moun kap suiv Jezi. Lafwa nou se ap ranfòse nan karakteristik e fason nou devlope.

Remak: dekourajman ap vini lè wap eseye fè yon disip, pafwa menm laperèz ak dezespwa.

Je pouw ka konnen kote wayòm nan pa ye - kapasite pouw ka kite Bondye dirije ou poul ka montrew kibò pouw ale pouw ka jwenn moun pouw fòme disip. Fòw genyen estrateji, kat, plan vil la – Fè plan an se yon pwoblèm espirityèl. Genyen yon moun ki ale nan lanfè chak segond. Destine etenèl la prepare sou tè a.

Etap de fòmasyon - Modèl, Ede, Veye, Ale

Ou ka gen gwoup debaz sa yo nan 2 legliz an menm tan. Nou chak dwe swiv aktivite gwoup yo menm yon fwa pa semèn epi montre kijan yo ka ede lòt moun kreye nouvo gwoup.

* Mande si kèk moun gen kesyon oswa Kòmantè. 17

Aktivite 12 Pase yon tan ak Bondye

* Èske ou ta renmen pase yon tan ap pale ak Bondye? Se on bagay ki fasil. Separe tan an 5 minit epi konsantre ou sou sa kap vini nan chak espas de 5 minit.

1. LOUWANJ

Kòmansè moman lapriyè ou a pa lwanj pou Seyè a. Louwe Li pou sa ki nan panse ou kounye a.

Louwe Li pou yo bagay espesyal Li te fè nan lavi ou nan semèn ki sot pase a. Louwe Li pou

bonte Li nan fanmi ou. (Sòm 34: 1)

2. TANN

Pase moman sa ap tann Seyè a. Kite Li retire refleksyon ou yo. Reflechi sou tan ou gen devanw epi bagay ou vle Seyè a fè nan lavi ou. (Sòm 27:14)

3. KONFESYON

Mande Sentespri a montre w tout sa ki nan lavi ou ki ta ka fè Li fache. Mande Li poul montrew atitud ki pa bon nan ou, epi kèk bagay tou ke ou poko konfese pou yo. Koulye a, konfese bay Seyè pandan wap mandel nan 1 Jan 1: 9 pou ke ou ka geri pou rès tan kap vini yo, kounye a pran bib ou pouw ka li Pawòl la. (Sòm 51: 1-19)

4. LI PAWÒL LA

Pase yon tan ap li pwomès Bondye yo nan liv Sòm yo, liv pwofèt yo, ak pasaj sou lapriyè ki nan Nouvo Testaman an. Tcheke konkòdans ou. (Sòm 119: 97)

5. DEMAND

Sa se demand jeneral pou lòt moun, lapriyè nan lis 100 an, pou gwoup de priyè, oswa priyè pou enterè pèsònèl epi ak lòt moun. (Ebre 4:16)

6. ENTÈSESYON

Lapriyè espesifik sou non lòt moun. Priye espesyalman pou moun ki mandew epi moun ou konnen oswa moun ke Senyè a mete nan tèt ou. (Romans15: 30-33)

7. PRIYE AK PAWÒL LA

Koulye a, pran yon liv nan Bib la epi kòmanse priye pa pawòl la ou ka pran tankou nan Sòm 119 genyen kèk bèl pawòl ak ekspresyon pouw ka lapriyè. (Sòm 119: 38-46)

8. REMÈSIMAN

Pase yon tan pouw ka di Bondye mèsi pou sa li fè nan lavi ou, dil mèsi pou sa li fè pou legliz ou epi pou fanmiw. (Filipyen 4: 6)

9. CHANTE

Pran liv chan ou epi chante yon chan de priyè, chante yon chante pou fè lwanj Li, chante yon chant pou nanm ou epi pou temwayaj Li ba ou. Kite moman sa pouw ka adore Li. (Sòm 59:17)

10. MEDITE

Mande Seyè a poul pale avèw epi kenbe yon papye ak yon plim nan men ou, pare pouw ekri sa li wè nan laviw. (Sòm 63)

11. TANDE

Pase tan pouw mete ansanm bagay ou te li nan Pawòl la, bagay ou te lapriyè sou yo, bagay ou te remèsye Senyè a pou yo, bagay ou tap chante, epi gade ki jan Seyè a pote tout ansanm pou pale ak ou. (1 Samyèl 3: 9-10)

12. FINI AK LWANJ

Louwe Seyè a pou tan ou te pase avè Li. Louwe Li pou panse ke Li te ba ou. Louwe li pou priyè de demand yo Li te mete nan tèt ou. (Sòm 145: 1-13)

* Mande si kèk moun gen kesyon oswa kòmantè. 18

Aktivite 13 MOUN DE PÈ

* Lè ou fini pouw avanse nan lòt aktivite a, mande Bondye pou li gide ou kote yon moun de pè.

Se va yon moun ke wap kapab pataje istwa ou avèl, epi istwa Bondye, kondi yo vè Bondye epi ede yo pou yo ka kreye yon gwoup priyè lakay yo.

* Li Lik 10: 1-11 epi Matye 10: 5-14.

Nou pral kapab wè karakteristik yon moun de pè anba a. Nou pral wè aksyon moun ke Jezi voye a anba a.

Men karakteristik moun de pè a: Kisa moun yo voye a fè:

Lik 10: Lik 10:

V. 5- louvri pòt li pou ou V. 1- ale de pa de

V. 6- resevwa benediksyon ou a epi montre li enterèse V. 2- priye pou travayè yo

V. 7- Li ouvè kay li pou ou / epi li akeyan V. 3- ale gen danje toupatou

V. 7- ofri poul pran swenw jan li kapab V. 4- pa pran okenn valiz

V. 4- pa pèdi tan V. 5- Salye moun

V. 6- si moun nan aksepte ba li benediksyon

V. 7- pataje ansanm ak yo

V. 9- mande Bondye gerizon pou kote sa nesèsè

V. 9- anseye yo

V. 9- pwoklame pawòl wayòm nan

V. 10- Si yo pa resevwa pawòl la, pwofetize sou yo epi ale

Matye 10: Matye 10:

V. 13- li gen merit V. 5-6- li ale kote Bondye voyel

V. 13- li gen enfluyans lakay li 11- mande infòmasyon / chèche / idantifye

V. 14- li resevwa ou V. 11- pase tan avèk kandida a

V. 14- li tande pawòl wap dil yo V. 12- bay salitasyon

V. 13- bay benediksyon

V. 14- pwoklame pawòl wayòm nan

V. 14- Si yo pa resevwa ou deplase ale

AN REZIME

1. Priye pou travayè yo
2. Ale kote Bondye voye ou.
3. Rantre kote wap rantre a ap preche pawòl wayòm nan.
4. pa pèdi tan.
5. Mande ak disènan.
6. Vizite moun de pè sa, kandida sa oubyen angaje sa ak tout fanmi li sil posib.
7. Bay salitasyon epi poze kèk kesyon ki gen enterè esprityèl.
8. Si gen kèk repons ki favorab/ bay benediksyon epi poze kèk kesyon ki gen rapò ak evangelizasyon.
9. Pase tan ak kandida a avèk fanmi yo.

10. Pataje avèk yo epi reflechi ansanm.
11. Anseye yo.
12. Toujou dwat nan sa wap di epi pale verite.
13. Si yo pa resevwa pawòl la, pwofetize sou yo epi ale.

Mwayen pouw konnen moun de pè a:

1. Li akeyan
2. Grangou pou bagay espiritiyèl
3. Li pataje ak fanmi / gwoup / kominote li bagay espiritiyèl

Kijan moun sa yo ye:

1. Yo toujou prè pou pale depi se yon bagay espiritiyèl.
2. Yo reponn ak pawòl espiritiyèl.
3. Yo poze ou kesyon (yo pa sèlman di ou opinyon yo men yo vle konnen ide pa ou).
4. Yo reponn a envitasyon ou fè yo lakay ou "oikos" (mo grèk pou "kay") pou yo aprann fè sa Bondye te mande yo pou yo fè.

Word19

Aktivite 14 **MACHE LAPRIYÈ (EVANJELIZASYON)**

- * Deside ki kote ou pral mache al lapriyè a epi toujou sonje ki kote chak moun fè.
- * Fè chak moun ale ak patnè yo oswa avèk yon ti gwoup.
- * Mande yo pou yo li 2 pwochen paj yo nan 10 minit epi ale nan aktivite priye mache a epi tounen nan 2 è.
- * Mande yo pou yo pran enfomasyon moun ke yo pale avèk yo a.

Fason pou ou kòmanse konvèsasyon avèk yon moun se di, “ Bonjou! Nou la pou priye pou kominote sa. Eske ou konnen on bagay ke nou ka priye pou li? Eske gen yon bagay nou ka priye pou ou?”

Lè wap priye pou on moun ou ka itilize mo anglè “BLESS”. B pou kè (priye pou santé li), L pou travay (priye pou kote li ap travay), E pou ekonomi li (priye pou finans li), S pou vi sosyal li (priye pou fanmi ak zanmi li), S pou vi espiritiyèl li (priye pou relasyon li ak Bondye).

1. **TANDE BONDYE.** Nou ka jwenn yon engredyan kle nan mache priye ki se tande vwa Seyè a. Lè nou fini nou ka priye Bondye poul ka fè dezi fèt nan yon zòn. Nou konn anpil dezi Bondye nan Bib la, epi li pap janm kontredi pawòl li. Epitou, nan aktivite mach priye sa nou ka wè 3 bagay ke Bondye montre nou ke li vle fè.

- **Obsèvasyon:** Wè fatra nan lari yo ka pouse ou priye kont fatra ki nan moun kap viv nan zòn nan (kòm egzantp).
- **Rechèch:** Nan rechèch la ou ka jwenn kèk bagay tankou; krim, enjistis, oubyen bagay okilt ki ka voyew nan zòn sa yo epi ki ka ba ou yon bi pouw priye.
- **Revelasyon:** Ou kapab gen yon pouse pa Sentespri a pou priye nan yon zòn oubyen pouw priye nan yon pasaj nan Bib la. Ou kapab menm jwenn yon vizyon ki diw sou kisa pouw priye.

2. KOWÒDONE EFÒ NOU YO, RASANBLE TOUT RAPÒ YO SI SE YON GWO GWOUP NOU YE.

SA KI GEN RAPÒ AVÈK MACHE PRIYE:

LOUWANJ

Nan louwanj nou bay Kris glwa e nou egzaltel pou sa li ye, li menm kap domine sou tout bagay. Seyè a abiyte nan louwanj pèp li ap ba li. Prezans Bondye ranpli kote yap bal glwa, epi tout demon kouri. Nan Sòm 100, louwanj se tankou yon pòt antre li ye nan prezans Bondye.

LAPRIYÈ

Nan Revelasyon 8, te gen on silans nan syèl la lè priyè pèp sen an tap monte nan prezans Bondye. Efezyen 6:18 di nou konsa ke pi gran zam nou genyen kont ènmi an se “priye san rete”. Bondye ka fè tout sa li vle san èd nou, men li chwazi itilize priyè nou yo kòm yon sous poul ka relache pisans li epi bay viktwa nan wayòm esprityèl la.

- Priye avèk pouvwa Sentespri a (Efe 6:18).
- Priye ak je ou louvri.
- Priye ansanm ak lòt moun (Mat 18:19-20, LEV 26: 8).
- Priye avèk pasaj ki ekri nan Bib la.
- Vrè jèn gen rezilta diven (Ezayi 58).

PWOKLAMASYON

- Pawòl Bondye ba nou nan Bib la oswa sa ki pale de Bondye nan kèk andwa nou seleksyone
- Pataje levanjil la
- Wòl priyè evanjelis la se al vizite vwazen li yo epi mande yo kijan ou ka priye pou yo. Pafwa nan fason Bondye reponn priyè nou, vwazen sa ka deside tande pawòl verite a. 20

LÒT BAGAY KI ENPÒTAN NAN MACHE PRIYE (EVANJELIZASYON):

- Inite
- Chwazi yon lidè
- Chwazi yon pasaj pou nou priye pou nou ka prepare soti nou an
- Soumèt nou bay Seyè a
- Imilite ak obeyisans
- Pèsistans

5 PWEN KI ENPÒTAN

Kote ou ta dwe chwazi oubyen zòn ou ta dwe mache priye (evanjelize):

1. Sant gouvènman kote yo fè lejislasyon
2. Sant Komèsyal kote yo regle afè machandiz pou manje
3. Sant Edikatif yo, espesyalman biwo prezidan an ak pwofesè
4. Sant kominikasyon, tankou pou medya, televizyon ak radyo
5. Sant esprityèl, ni kote moun ki kretyen ni moun ki pa kretyen

TÈM YO POU EVANGELIZASYON (MACHE LAPRIYÈ)

Eseye rete fèm nan lapriyè pou chak kominote ou pase. E konsa ou va wè tipa tipa priyè va kòmanse pwogrese nan peyi a e menm nan mond la.

Itilize yon tèm nan yon pasaj nan Bib la. Pa egzanp, ou ka eseye 1 Timote 2:1-10. Anpil moun di ke se yon pasaj enpòtan pou yon moun ka lanse yon evanjelizasyon. Vèsè 8 la di nou jan li enpòtan e ki dimansyon ki genyen le nou konekte ansanm pou nou priye, paske dezi Bondye se pou tout moun ta sove. “ Mwen vle ke tout moun tout kote priye” Kopye sa epi kèk lòt pasaj nan yon jan ki fasil pou li byen fò epi plizye fwa pandan nap mache. Chak sijè priyè sa yo dwe soti nan pasaj sa.

- **KONSÈNAN KRIS** - Mache di sa ankò ke li se sèl Medyatè a e ranson pou tout peche. Di li se Seyè nan zòn kotew rete e pou tout moun kap viv.
- **KONSÈNAN DIRIJAN YO** - Priye pou moun ki responsab nenpòt pozisyon otorite yo ye a, pwofesè yo, polisye, administrate yo epi paran yo.
- **KONSÈNAN LAPÈ** - Kriye nan pye Bondye pou pèp li a ka viv nan sentete epi pou yo ka viv nan lapè. Priye pou lòt legliz kapab etabli.
- **KONSÈNAN LAVERITE** - Fè yo konnen ouvètman ke gen yon sèl Bondye. Selebrite fidelite Bondye nan revelasyon li yo a tout moun ki vle (1 Timote 2:8). Priye pou tout moun ke Satan bouche je yo, pou je yo ka louvri e pou yo ka gen konnesan laverite a.
- **KONSÈNAN LEVANJIL LA** - Bay Bondye louwanj paske dezi li se pou tout moun kapab sove. Priye pou ane sa va yon ane kote temwayaj kris la ka pwoklame anko avèk pisans (1 Timote 2:6).
- **KONSÈNAN BENEDIKSYON BONDYE** - Nou dwe bay remèsiman pou tout moun. Bay Bondye remèsiman ke li merite pou bonte ke li toujou akòde pou chak kay ou vizite. Mande pouw kapab wè vil la avèk yon je espiyèl, pouw kapab wè sa ki bon nan je Bondye epi tout sa ki ka fèl chagren anpil. Mande Bondye pou yon revèy espiyèl.
- **KONSÈNAN LEGLIZ LA** - Priye pou relasyon nou yo, pou pa gen diskisyon ak divizyon nan mitan pèp Bondye a. Mande pou Bondye ka fè pèp li a viv ansanm, fi ni gason, pou yo kapab reyone de sentete lè yap louwe. Priye pou louwanj nou yo kapab gen benediksyon pèp sen kin an zòn nap viv yo. 21

Aktivite 15 Gwoup santral (Baz) - twazyèm sesyon pratik

- * Divize an gwoup de 6 oswa 8 moun (gason ak fanm ansanm).
- * Mande monitè yo pou li enfòmasyon y o ak kesyon yo byen epi fò epi bay seksyon 1 an 90 minit pou li ka revize, epi kontinye avèk seksyon 2 a epi seksyon 3 a.
- * Animatè chak gwoup yo se moun ki va gen poul fete anivèsè li pwochènman an.
- * Itilize Lik 7: 11-23 pou gwoup debaz sa.
- * Pandan tan sa pretann kew tap pataje istwa ou avèk yon moun.

FÒMA REYINYON SENP - fòma sa a fèt pou etabli jan de karaktè kwayan yo. Ou pral rankontre

ak gwoup de baz ou a yon fwa yon pa semèn pou omwen 90 minit. Va genyen lòt fòm de reyinyon disponib nan fen manyèl de fòmasyon sa pou moun ki fèk ap kòmanse ak moun ki pa kwayan.

1. Toujou fè yon ti tan de poz anviron 30 minit chak fwa wap gen pouw kòmanse ak yon lòt gwoup. Pataje yon repa, bwason, yon istwa de semèn nan oubyen yon priyè ke Bondye te reponn ou. Oubyen kijan relasyon pèsònèl chak moun ki la ye avèk Bondye pandan semèn sa? Si yon moun gen difikilte priye pou li, epi lèw fini fon ti rete pouw pale ak moun sa.

Verifikasyon (pa janm bliye fè sa)

Eske ou te obeyi ak sa ou te aprann yo? Ak kiyès ou te travay epi kisa ou te aprann? Ak kiyès ou te pataje istwa ou a oubyen istwa Bondye a?

(Revize angajmanw yo nan rankont semen dènye a)

Vizyon (pa janm bliye fè sa)

Pataje yon istwa nan Bib la, yon istwa pèsònèl, yon eslogan enspire oswa yon chante pou ankouraje youn lòt pou pataje pawòl Jezi ak lòt moun, pou yo ka kòmanse nouvo gwoup, epi ede lòt moun fè menm bagay la.

Ou ka sèvi ak youn nan pasaj nan Bib la pou kòmanse:

Matye 28: 18-20, Lik 10: 1-11, Travay 1: 8, Lik 19: 1-10, Matye 13: 1-23 (epi lòt vèsè ki genyen nan fen manyèl de fòmasyon sa a).

2. Toujou fè sa chak fwa ke wap kòmanse avèk yon lòt gwoup.

Li epi diskite

Mande Bondye anseye ou pasaj sa a. Li pasaj semèn sa a. Epi poze kesyon sa yo:

1. Kisa ou te renmen sou pasaj sa a?
2. Kisa ou wè ki difisil nan pasaj sa a?

Li pasaj semèn sa a ankò. Epi poze kesyon sa yo:

3. Kisa pasaj sa a anseye ou sou moun?
4. Kisa pasaj sa a anseye ou sou Bondye?

3. Kontinye, pandan wap pran 30 minit nan tan an.

Obeyi. Anseye. Pataje. (pa janm bliye sa)

Fè tout moun nan gwoup la lapriyè pou Seyè a montre yo ki jan pou yo reponn kesyon sa yo, epi pou pran angajman.

Ekri angajman sa yo ki ekri anba a epi kenbe yo pou reyinyon semèn pwochen nan. Mande:

5. Ki jan ou pral obeyi pasaj sa a?
6. Ki moun ou pral anseye ak pasaj sa a?
7. Avèk ki moun ou pral pataje istwa ou a oswa istwa Bondye a?

Pratik (Toujou fè sa) - nan gwoup de 2 oswa 3, pratike angajman sa yo kew te bay nan kesyon 5, 6 oswa 7 la.

Pa egzant, antame yon konvèsasyon difisil oswa yon moun kap fè fas ak yon tantasyon; pratike pasaj kew te anseye jodi a, oswa pataje levanjil la (istwa Bondye a).

Pale avèk Bondye – nan gwoup de 2 oswa 3, priye pou chak manm endividyèlman. Mande Bondye pou prepare kè moun yo ki pral tande pale de Jezi pandan semèn sa a. Mande li ba ou fòs pou ou obeyi ak angajman ou yo. 22

Aktivite 16 NÒT

* Revize paj sa a ak tout gwoup la.

MODÈL, EDE, OBSÈVE EPI ALE

Lè ou jwenn ak yon moun de pè ou ka kòmanse you gwoup debaz lakay li. Ou kapab fèl jwenn yon model de rankont pou 2 a 3 semèn.

Aprè sa ou kapab asiste li sa depan anviron 3 mwa

Aprè sa ou kapab veye a distans pouw wè anviwon yon fwa pa mwa, gade kijan moun sa ap devlope li menm, epi double responsblite li genyen e pouw kapab wè kijan yap itilize pawòl la. Paske wap chache disip ki gen prensip. Aprè sa ou ka ale.

DISIPLIN LEGLIZ LA

Group semèn yo, se yo ki ba nou responsabilite a poun fè chak moun responsab nan group la, gen delè nou kapab genyen opòtinite poun pataje temwanyaj nou youn ak lòt . pafwa nou ka menm rive bliye, men si Bondye ba nou yon pouse pou'n ka pataje istwa nou ak yon moun, e nou dwe kategorikman tonbe andezobeyisans konsa nou dwe swiv etap sa yo :
(Galat 6 :1-2)

- 1) Pale ak moun nan pèsònèlman
- 2) Si sa pa mache, pran 2 ou 3 temwen epi pale ak moun nan .
- 3) Si sa pa mache, pran tout gwoup la pou al pale ak moun nan.
- 4) Si sa pa mache eskominyen moun nan.

YON TEMWANYAJ TOUCHAN

Frè nou an Curtis te ale an End pou li te al fòmè kèk Kreyen pandan 7 Jou. Aprè 2 a 5 ane ,plis pase 8 milyon moun tande levangil, e plis pase 1.25 milyon gwoup te pran nesans (Fòmè). Se te byen, yon sèl te fòmè 34 moun pandan 7 jou paske yo te itilize fòmasyon an epi plis pase 8 milyon moun pran angajman pou yo swiv Jezi kris .

Genyen anpil pèsekisyon nan kèk peyi. nan kèk peyi kote pèsekisyon yo tèlman gran avan moun ki kwè yo batize, yo fè konfesyon sa a :

“mwen prè a nenpòt kilè, nenpòt kote pou'm souffri, pran prizon menm mouri pou Senyè nou an”.

“Siw ta mete'm nan prizon men mwen lib pou'm pataje Levanjil la ak lòt moun”.

“Siw ta mete'm nan izolman se yon moman pou'm priye imediatman”.

“siw ta pran byen mwen yo, mwen ka vwayaje epi pataje levanjil la”.

“Siw ta bat mwen map toujou glorifye Bondye”.

“siw ta touye'm ou ap voyem nan laglwa”.

Activite 17

PRIYE DE KONFESYON

*Fè chak moun nan sal la pase pou li byen fò paj liv sa a:

Papa nou ki nan Syèl la, ou fè kòm pou sèvi'w e nanm mwen pou swiv ou sètènman avèk doulè e yon kè brize, mwen soumèt devan'w tout fot mwen yo, e echèk mwen yo.

Echèk mwen yo vin yon verite, ke menm mwen menm, mwen asepte yo jan yo ye a;

Pwòp desepsyon mwen anfas tantasyon yo;

Mwen toujou chwazi sa ki pi mal la olye sa ki pi bon an;

O Senyè, padone mwen!

Mwen kenbe silans lè poum ta pale e mwen pale lè ke'm ta dwe fè silans;

Mwen aji lè ke'm ta dwe ret tann ou e mwen ezite lè ke'm ta dwe aji;

M'ap kontanple sa ki mal ki pa afekte'm e mwen ensansib a sila yo k'ap fè sa;

O Senyè padone mwen!

Mwen manke konpasyon'w nan montre lòt moun endikape yo e sa yo ki pèdi;

Ògèy mwen lè ke'm konsidere pwòp konfò mwen epi Komodite avan zafè lòt moun;

mwen avèg pou souffrans lòt moun e mwen pa prese pou'm ansenye pwòp tèt mwen;

O Senyè padone mwen!

Mwen echwe tèt mwen lèm pa aplike yon mòd de prensip ke map ekri lòt moun yo;

Tan mwen pran poum ka wè sa moun ap fè ki bon, epi poum wè sa ki pa bon nan mwen;

Jan mwen di anvè zanmi mwen yo le yo fè sa ki pa bon, epi mwen toujou bezwen yo padone mwen byen rapid;

O Senyè, padone mwen!

Mwen pa gen volonte pou mwen rekonèt ke se ou ki te relem pou yon ti travay epi frèm nan pou yon gwo travay;

Engratid mwen yo e lè map plenyen lèw mete de gwo opòtinite devanm poum pwopaje gras ou;

Echèk mwen yo lèm paka rekonèt lè men damouw yo ap touchem;

O Senyè, padone mwen!

Aktivite 18 chat

ENTRODIKSYON GWROUP LA

Mande tout moun pou yo pran 10 minit poul li paj sa.

chat la se yon bwat kote ou ka verifye: Progrè ou yo Tande Pawol la ak lòt Moun. Chak reyinyon gwoup la fè antre 2 ou 3 moun, de menm sèks, ki ka rankontre chak semèn pou 60 a 90 minit, yap bay yon rapò sou jan ke yo grandi espiyityèlman e devlope. Li ap mye pou gwoup la pa depase 3 moun e kou nou rive sou 4 moun e moun yo ouve fidelite yon an pwosesis sa.

Chat group la, se yon mwayen ki senp pou nou reyalize yon mach espiyityèl atravè de eleman vital a sila yo ki bezwen Jezi pou chanje lavi yo deyò kou anndan. Zouti sa li ede chak kretyen òdinè pou ka akonpli yon travay ekstraòdinè pandan ke yo ap repwodi dè disip espiyityèl ki ka repwodi lòt disip, pa genyen ni kourikouloum, ni yon kaye de gid, ni yon seyans de fòmasyon. Yo pa bezwen okenn lidè nan gwoup la, chat gwoup la se mwayen ki pi senp la, de yon kominote espiyityèl, kote yo fè tout moun responsab pou yo aprann, epi obeyi, epi bay lòt moun verite espiyityèl sa. Se yon bagay ki gen yon vale enkonparab lè ke ou ap viv yon vi espiyityèl balance, ki bay rezilta pandan nou ap repwodwi dè disip. Genyen 2 sijesyon pou yon moun ka kalifye pou li ka fè pati chat gwoup la.

- 1) Yon moun ki bezwen Jezi (Lik:5:29-32)
- 2) Fidelite se youn nan pwosesis yo (2 Timote 2:2)

PANSE SOU RESPONSABILITE YO

Chat gwoup la, li gen poul wè ak yon pataj ekstrèmeman natirèl. Se yon enperatif poun ka jwenn yon akò konfidansyèl sou nenpòt sa nou ap pale nan gwoup la, diskite jis ki kote konfidansyalite a rive, Kòman nap jere bagay yo, si gen kèk enfòmasyon ki kòz moun sa nan ensekirite nan aktivite li. Konsidere 2 timote 3:16, kòm yon liy daplikasyon pou lavi ou

Tout ekriti enspire de Bondye e yo itil pou ansenye, pou korije pou fòm pou ke lòm Bondye yo ka ekipe de bon zèv e fè bon travay. (2 timote 3:16)

- ANSENYE – sa ke nou dwe konnen
- REPOUSE – sa nou dwe evite epi sa nou dwe sispann fè
- KORIJÈ – sa ke nou dwe fè yon fason diferan
- FÒME NAN LADWATI – sa nou dwe komanse e kontinye fè

Sonje ke nou responsab pou Pawòl la ke nou aprann, men se pa sèlman nan aplike li nan lavi nou, men se nan pataje ak lòt moun sa ke nou aprann.

Toujou konsidere si ta gen on lòt moun ki pa nan chat la kew ta dwe pataje verite espiyityèl la avèk li, epi akonpli responsabilite ou.

Se pou nou trè espesifik lè nap devlope yon plan. Se pou nou panse, kilè, kouman, epi ak ki moun nou pral mete sa ke nou te aprann nan an pratik. Veye byen ke ou swiv pwogrè ou yo pou lòt semèn aprè a.

FÒMA POU YON CHAT GWROUP

VERIFYE PWOGRE OU YO – PATAJ: Nou motive pou pataje konba nou yo nan yon reponsabilite mityèl. Kòmmanse pandan nap pale de responsabilite nou yo, kesyon pou youn mande lòt (45-60 minit)

TANDE PAWÒL LA – FÈ DISIP: Nou ap grandi espiyèlman lè nap li pawòl la nan kontèks e an kominote. Kontinye pandan wap di sa ke Senyè a te pousew fè pandan semèn nan. Gwoup la dwe li 25 a 30 chapit chak semen (Li liv 1 Samyèl la oubyen li Efezyen 5 fwa) Anpil moun wè li bon lè yo li byen fò. Si ke ou prefere tande pawòl la pito ou ka dawonnlod li “The World English Bible” Ki se yon vesyon odio ki gratis, sit la se: <http://www.audiotreasure.com/webindex.htm>. Si yon moun poko fini vèsè semèn nan pandan yon semèn, ebyen tout gwoup la ap reprann menm vèsè nan anko.

PRATIKEL – PRECHEL: Nou ap sèvi bondye pandan nap aplike verite ki nan pawòl la nan lavi nou ak lanmou nou gen youn pou lòt chak jou. Viv ak sa ke Bondye ba ou pouw aplike nan laviw epi pase verite sa bay lòt moun(5-10 minit).

PALE AK Lòt MOUN

EVANGELIZASYON: Nou priye pou sila yo ki poko gen Jezi nan lavi yo, e nou ale bò kote yo lè nou gen chans la. Fini avèk yon moman de priyè. Epi nou priye youn pou lòt. Nou dwe priye pou zanmi nou yo ki pèdi, oubyen fanmi, moun nou rekonèt oubyen yon moun gwoup la tap priye pou li pandan tout semèn nan (5-10 minit).

ADORASYON: Nou fè reverans Bondye nan priyè nou yo e nan obeyisans nou. Lè ke wap priye pa bliye fè louwanj li epi dil mèsè pou sa li ye e sa lap akonpli nan nou kòm yon gwoup, e pèsònèlman. Sonje tou, ke nou dwe mete obeyisans la an pratik, pou li ka yon adorasyon pou Bondye.

Aktivite 19 Chat gwoup la

- * Mande chak moun pou yo rete ak patnè yo a, epi swiv direasyon ki nan paj sa.
- * Bay 90 minit pou aktivite sa

KESYON RESPONSAB YO

Nan reyinyon semèn nan nou ka poze kesyon sou responsabilite nou. Yo la pou estimile konvèsasyon nou yo e karaktè e lè nap konfese peche nou yo bay Bondye epi youn ak lòt nan yon espas ki sen e onèt, ki vilnerab, konfidansyèl epi de gras.

1. Kòmmanse priye pou nou ka vin pi plis menm jan ak Jezi.
2. Kòmman vi priyèw ye?
3. Ki lidew genyen sou vèsè ke nou te li semèn pase a, se pouw dirèk nan janw panse a?
4. Avèk ki moun ou te pataje entansyon ou a semèn pase a, epi kijan yo te akeyil?
5. Kòmmanw te wè ke Bondye tap travay pandan semèn nan?
6. Èskew te reprezante yon temwayaj pandan semèn nan pou grandè Jezi kris an pawòl epi an aksyon?
7. Èskew te ekspoze a kèk aktivite seksyèl, oubyen kèk bagay ki pèmèt lespriw ap panse ak jan de bagay sa yo?
8. Èskew onore Bondye nan jan ke wap itilize lajan ou yo?
9. Èskew konvwatize pa kèk bagay?
10. Èskew pa konn blese okenn moun oubyen fè yo santi yo mal nan fason ou pale?
11. Èske pawòl ou yo pa dezonèt, oubyen aksyonw yo, èske ou pa egzajere ladan yo?
12. Èskew rive abandone kèk defo ou te genyen, parès epi move konpòtman ou yo?
13. Èskew pa yon esklav de jan wap abiye, zanmiw, travay ou oubyen yon bagay ke wap aprann?
14. Èskew pa jan ka rive padone yon moun?
15. Ki bagay ou genyen kap dominew oubyen kap enkyetew? Èskew konn plenyen oubyen gwonde? Èskew genyen yon kè ki rekonesan?
16. Èskew onore, konpreyansif, jenere nan relasyon enpòtanw yo?
17. Kijan de tantasyon ou konn fè fas swa nan panse, nan aksyon oubyen nan pawòl e ki jan ou aji anvè yo?
18. Èskew konn sezi kèk opòtinite pouw sèvi oubyen beni lòt moun, espesyalman kwayan yo?
19. Èskew konn jwenn repons pou kèk priyè espesifik?
20. Èskew jwenn kèk bagay ki ka anpechew mache ak Jezi?
21. Èskew te fè yon gwoup pandan semèn nan oubyen asiste youn?
22. Ki moun ou ka envite pou fòmè yon chat gwoup epi si gwoup sa gen plis ke 4 moun, divizel an 2.
23. Èskew te li o mwen 25 chapit nan Bib la pandan semèn nan?

PRIYÈ EVANJELIK

Chak moun nan gwoup la sipoze ajoute 2 ou 3 moun ki bezwen Sali Bondye bay la. Ekri non tout moun ki nan gwoup la, ekri yo sou on kat epi poun ka priye pou nanm ki pèdi yo chak semèdi yo chak semèn. Mete kat sa nan Bib ou tankou yon bagay ou konn make vèsè nan Bib la epi chak fwa kew ouvè Bib la ou va sonje priye pou moun sa yo.

Itilize priyè sa yo epi ranpli espas vid yo avèk non moun wap priye pou yo a.

1. Seyè mwen priyew pouw rale _____ bò kotew (Jan 6:44).

2. Mwen priye pou _____ ka tandè e kwè pawòl Bondye pou sa ke li ye (1 Tesaloni 2:13).
3. Mwen priye pou _____ ka chache konnen ou (Travay 17:27).
4. Mwen mandew Seyè, pou anpeche Satan avegle _____ poul wè verite a (2 Korent 4:4 ; 2 Timote 2:25-26).
5. Sentespri mwen mandew pou konvenk _____ de peche li yo, epi l bezwen redanpsyon Kris la (Jan 16:7-14).
6. Mwen priye pouw voye yon moun ki pou pataje Levanjil la ak _____ (Matye 9:37-38).
7. Mwen priye pouw banmwen oubyen _____ opòtinite, kouraj epi mo egzat poum pataje avèk _____ (Kolosyen 4:3-6).
8. Seyè, mwen priye pou _____ ka vire do bay pechel yo epi poul ka swive Kris (Travay 17:30-31 ; 1 Tesalo 1:9-10).
9. Seyè, mwen priye pou _____ ka mete tout konfyans li nan Kris (Jan 1:12 ; 5:24).
10. Seyè, mwen priye pou _____ ka konfese kris kòm Seyè, poul ka pran rasin e grandi nan lafwa epi pote fwi pou glwa Bondye (Women 10:9-10 ; Kolosyen 2:6-7 ; Lik 8:15). 26

Aktivite 20

ANGAJMAN

- * Bay 30 minit pou yo ranpli paj sa.
- * Fè yon kopi de angajman chak manb yo epi pou yo ba ou yo pouw ka fè yon verifikasyon chak mwa.
- * Fè yo ekri non yo, nimewo telefòn yo epi imèl yo nan tèt paj la.

ANGAJMAN YO POU 3 PWOCHEN MWA YO

Itilize non yo ki nan lis de 100 an pouw ka ranpli angajman sa yo.

1. Map pataje istwa mwen (temwayaj, istwa pawòl Bondye a) avèk chak lòt moun.
2. Map envite lòt moun pou fòmè yon chat gwoup avèk mwen.
3. Map ankouraje lòt moun yo pou yo ka fòmè pwòp chat gwoup pa yo, epi montre yo fè menm jan tou.
4. Map envite lòt moun sa yo pou fòmè yon gwoup santral avèk mwen.
5. Map ankouraje kwayan yo pou fòmè gwoup santral pa yo epi montre yo fè menm jan an tou.
6. Map envite kwayan yo nan yon rankont de gwoup oubyen on kote pou gwoup yo ka kontre.
7. Map envite kwayan yo pou patisipe avèm nan mach de priyè yo (evanjelizasyon).

8. Map ekipe kwayan yo on fason pou yo ka pataje istwa yo, epi istwa pawòl Bondye a, epi fè yon lis de 100 ak relasyon yo gen sou nèt la.
9. Map ankouraje moun yo pou yo pran abitud pase inè de priyè, yon bagay pou yo fè nan yon lè byen determine.
10. Map pran abitud pase inè de priyè yon fwa chak...
11. Map mache priye yon fwa chak...
12. Map ankouraje moun yo pou yo patisipe nan fòmasyon sa.
13. Lòt angajman yo. 27

Aktivite 21

LOUWANJ

- * Mache nan sal la epi pèmèt chak manm gwoup yo di kisa ki te reprezante yon defi pou yo nan ansèyman sa. Bay chak moun yon minit.
- * Mache nan sal la epi pèmèt chak manm gwoup yo di kisa ki te pi ankourajan ou pi enteresan nan fòmasyon an. Bay chak moun yon minit.
- * Mache nan sal la epi site non moun yo yonn pa yonn, epi pèmèt chak manm gwoup yo di kisa yo apresye kay yon lòt moun nan gwoup la byen fò. Bay chak moun yon minit. 28

Aktivite 22

***Repase Tout Paj La Ak Tout Gwoup Yo.**

KILÈ E KOUMAN NOU KA ITILIZE RESOUS YO

1. Nan gwoup la yo ka itilize moun ki pa kretyen (sin Jan yo, nan pati espwa a, wap jwenn li nan fen liv la) oubyen avèk lot kretyen (pati ki pou fòtifye) kòm yon mwayen pou ankouraje pwogrè ke yo fè pandan vi esprityèl yo. Pran youn nan gwoup ke ou te fòme nan kominote ou a. Yo ka rankontre sou gazon lakay ou oubyen nan yon espas lakay ou. Fòk ou toujou ap gide yo oubyen asiste yon lòt moun poul ka kòmanse yon lot gwoup. Sa dwe fèt nan lakou kay moun nan. Nap pale de moun ki kretyen deja men ki nouvo nan gwoup la, yo dwe komanse nan kòmansman fòmasyon an.
2. Nou dwe itilize lis de 100 an imedyatman lè ke nou fin Mennen yon moun nan lafwa. Li ka itilize tou kòm yon zouti pou asiste yo pandan yap grandi. Ou ka itilize pou pwòp tèt ou, e ke nan travay ou osinon lakay ou, ou ka modifye epi metel an aplikasyon.
3. E li enpòtan pouw toujou pataje istwa ou oubyen istwa Kris la imedyatman aprè kew fin kondwi moun yo nan lafwa. Ou ka itilize tou ak lòt kwayan yo kòm etan yon zouti pou fè yo grandi.
4. Konsidere ke wap toujou pase yon tan avèk Bondye (anvion 1è) sa pandan inè. Ou ka pataje sa avèk lòt disip pou ogmante entimite yo ak Bondye.
5. Pran yon abitud pou toujou mache priye regilyèman. Ou ka toujou pran abitud mache priye avèk lòt kretyen yo tou, kòm yon mwayen pou ede yo fè yon lòt pa nan lafwa. Ou ka jwenn anpil benefis lèw priye ak lòt moun. Sonje poun priye pou lòt moun oubyen evanjelize yo.

6. Chat gwoup la dwe rankontre chak semèn. Nou tout dwe fè yon sèl tout tan. Moun ki poko konvèti yo ka fè pati chat la, konsa, priyè konvèsyon an ka chanje, sa depan de ka a. Konsidere sa kòm yon zouti ke nenpot moun ka itilize pou ede yo pou yo ka grandi nan mach esprityèl lavi a.

AKTIVITE 23

ANKÈT SOU REPONS YO (feed back)

- * Bay chak manb yo yon fèy papye
- * Manb yo pa bezwen ekri non yo nan fèy sa.
- * Eksplike yo ke se yon mwayen pouw verifye kijan fòmasyon an ye.
- * Bay chak manb 3 minit pou yo poze ka pote sigjesyon yo sou fòmasyon an.
- * Mande yo, kisa ke yo pat renmen nan fòmasyon an?
- * Mande yo, kisa ke yo tap fè de fason diferan si se te yo? 30

RESOUS ADISYONÈL

PRENSIP GWROUP LA

TOU PITI

Pa agrandi gwoup yo. Fè gwoup la avèk dè moun ki gentan gen relasyon déjà moun ki konnen youn lòt. Rankontre yo kote yo konn abitye reyini ansanm, tankou nan yon kay, oubyen anba yon pye bwa. Avèk yon gwo gwoup nap divize yo an lòt ti gwoup de 3, de 4, de 5.

TOUT MOUN APRANN KIJAN YO KA GRANDI POU KONT YO

Nan gwoup la chak moun ap aprann grandi pandan yap fè bagay sa yo poukont yo.

1. Pale lòt moun yo de Jezi
2. Aprann de Bib la
3. Pale ak Bondye (Priye)
4. Ede, e ankouraje lòt kwayan yo
5. Kanpe fèm nan pèsekisyon e nan tan difisil yo

KONSIDERE CHAK MOUN KÒM YON ENDIKATÈ DE POTANSYÈL

Gade chak moun kòm yon endikatè de potansyèl pou fè fòmasyon an, avan e apre yo aksepte Jezi. Lidè yo souvan pa gen yon sale, yo konn pa menm fini lekòl.

OBEYI E FÈ FOMASYON

Gwoup sa yo baze yo sou obeyisans, pa sèlman sou konesans. Swiv Jezi pandan wap aprann e obeyi Bib la atravè Sentespri a kap gide ou. Pran yon angajman espesifik chak rankont ke nou genyen, e repase sou yo nan chak nouvo reyinyon. Vini yon pechè dòm pandan wap fòme lòt moun, aprann yo a obeyi tou. Sa kreye yon anviwonman kote renmen Jezi vle di se poun obeyi Jezi.

NOUVO GWROUP PANDAN WAP GIDE YO EPI MILTIPLIKASYON

Toujou esye kreye de nouvo gwoup olye de fè yon gwo gwoup. Rankontre ak nouvo lidè yo, lè ke yo ap fòme nouvo gwoup. Montre yo pou fè menm bagay la pou lòt yo. Fòk tout moun rete konekte pou fomasyon epi responsabilite yo.

DISKITE E DEKOUVRI

Fokis nou sou bib la. Kwè nan Sentespri a pou li ede chak moun konprann pawòl la. Fè yo poze kesyon olye pou yo preche. Asire nou ke tout moun patisipe. 31

RESOUS ADISYONÈL

KI KOTE POUN KÒMANSE: 8 PREMYE RANKONT YO

Sa se pou moun ki kretyen deja men ki poko janm patisipe nan jan de aktivite gwoup sa yo. Posyon pratik la li gide nou e generalize pou 8 sesyon. Kòmanse yon pratik endividyèl nan yon rankont.

1. BAY TEMWAYAJ OU

Gade: (Mak 5:1-20) bay yon atansyon patikilye sou vèsè 18-20

PRATIK: Pratike kijan pouw bay temwayaj ou - Wap bezwen pou ou prepare temwayaj ou a, konsa wap prè pou ou pataje istwaw la ak lòt moun, Lè wap di yo kote Jezi te pran ou. Men kouman ou ka rakonte istwaw la:

- Pale yo de ki viw tap mennen avan ou te vin swiv Jezi. Dekri yo santiman ou (doulè ou, solitud ou) poze kesyon de (sak pase aprè lamo) nan konba ou te konn ye avanw tap swiv Jezi.
- Rakonte kijan ou te fè vin swiv Jezi. Pale yo de Jezi! Istwa ki pi esansyèl de Jezi se ke nou tout nou te ofanse Bondye akòz peche nou yo. Nap mouri akòz de peche nou yo. Men nou sove anba lanmò paske nou kwè nan Jezi ki te mouri pou peche nou, li te antere e li resisite. Pale de lavi ou aprè kew te fin aksepte Jezi, rakonte yo kijan ke Jezi chanje lavi ou, di yo de lajwa, lapè e padon ke Jezi ba ou.
- Mande yon repons – Istwaw la dwe fini ak yon kesyon pou moun ka bay repons. Kesyon sa va ede ou dekouvri nivo esprityèl moun ki enterese yo. Mande yon bagay tankou: “èske ou ta renmen konnen koman ou kapab padone?” Oubyen “eske ou ta renmen Bondye chanje lavi ou?”
- Fè sa brèf(3minit) ou mwens. Istwa ou a dwe kout e enteresan. Bat pou istwa a pa annwiyan ni two long pou moun kap tandew yo ka enterese.
- Toujou rakonte istwaw la ak yon moun nan gwoup la.
- Chwazi 5 moun pouw ka rakonte. Priye, mande Bondye ki 5 moun li vle pouw rakonte istwaw la semèn sa.

2. RAKONTE ISTWA JEZI

Gade: 1 Korentyen 15:1-8 ; Women 3:23 ; Women 6:23

Pratik: Fè tout moun nan gwoup la komanse rakonte yon istwa de Jezi. Rakonte istwaw e yon istwa de Jezi a 5 moun nan semèn nan, fè sa chak semèn.

3. SWIV E PECHE (EVANJELIZE MOUN)

Gade: (Mak 1:16-20)

Pratik: Fè yon lis, pran yon fèy papyè blan e ekri non 100 moun kew konnen (fanmi, zanmi, vwazen, travayè, kamarad de klas) ki bezwen tande pale de Jezi. Rakonte yo istwa ou e istwa Jezi a 5 moun nan semèn nan, fè sa chak semèn. 32

KI KOTE POUN KÒMANSE: 8 PREMYE RANKONT YO (kontinite)

4. BATIZE

Gade: Women 6:3-4 ; Travay 8:26-40

Pratik: Jwenn yon (rivyè, basen, pisin, lak) ki prè e batize tout moun ki kwè. Kontinye imedyatman batize moun dè ke yo vini yon kwayan. Pou aprann plis sou batèm nan, gade; Travay 2:37-41 ; 8:5-13 ; 8:36-38 ; 9:10-19 ; 10:47-48 ; 16:13-15 ; 16:27-34 ; 18:5-9 epi 1 Korentyen 1:10-17 ; Travay 19:1-5 ; 22:14-17

Rakonte yo istwa ou e istwa Jezi a 5 moun nan semèn nan, fè sa chak semèn.

5. BIB LA

Gade: 2 timote 3:14-16

Pratik: Memorize e resite 7 kesyon etid bibliik yo (Kesyon 1 a 7 ki nan fòm rankont yo).

Rakonte yo istwa ou e istwa Jezi a 5 moun nan semèn nan, fè sa chak semèn.

6. PALE AK BONDYE

Gade: Matye 6:9-13

Pratik: Itilize menw pouw ka aprann kijan pouw pale ak Bondye. Kòm yon gwoup fè priyè Jezi te fè nan (Matye 6:9-13) itilize menw kòm etan yon gid.

- 1) **Pla men**= Relasyon; Menm jan ke pla men se yon fondasyon pou dwèt nou e dwèt pou nou, tan ke nou pase ak Bondye se yon fondasyon pou relasyon pèsònèl nou ak li. “Papa nou kin an syèl la”. (Mat 6:9)
- 2) **Dwèt pous**= Adore; Dwèt pous la fè nou sonje ke nou dwe louwe Bondye avan ke nou mande nenpòt bagay. “Se pou non ou sanktifye”. (Mat 6:9)
- 3) **Endèks**= Soumisyon; Apre sa nou soumèt lavi nou, plan nou yo, fanmi nou, travay nou, avni nou, tout bagay. “Se pou wayòm ou vini, se pou volonte ou fèt”. (Mat 6:10)
- 4) **Lemajè**=Mande; Epi nou mande Bondye pou li reponn ak bezwen nou yo. “Ban nou jodi a pen nou bezwen an”. (Mat 6:11)
- 5) **Lanilè**= Padon; Kounye a nou mande Bondye pou padone peche nou yo e nou dwe padone lòt moun. “Padone nou, menm jan nou padone lòt moun”. (Mat 6:12)
- 6) **Lorikilè**= Proteksyon; Epi nou mande pwoteksyon. “Pa lage nou anba tanatasyon, men delivre nou de tout mal”. (Mat 6:13)
- 7) **Pous la anko**= Adore; Nou fini menm jan nou te kòmanse a, nou adore Bondye Toupisan an. “Tout otorite, tout pouvwa ak tout louwanj se pou ou, Amen!”. (Mat 6:13)

Rakonte yo istwa ou e istwa Jezi a 5 moun nan semèn nan, fè sa chak semèn.

33

KI KOTE POUN KÒMANSE: 8 PREMYE RANKONT YO (kontinite)

7. MOMAN DIFISIL YO

Gade: Travay 5:17-42 ; Matye 5:43-44

Pratik: Rankontre gwoup la konsènan yon difikilte kew tap fè fas akoz de lafwaw, konsidere difikilte kew tap fè fas la, wè kijanw tap reyaji avèk kran epi lanmou, menm jan ke Jezi te ansenyel la. Priye pou bezwen nou yo, priye pou chak moun ki fin pataje istwa yo ak nou.

Rakonte yo istwa ou e istwa Jezi a 5 moun nan semèn nan, fè sa chak semèn.

8. VINI YON LEGLIZ

Gade: Travay 2:42-47 ; 1 Korentyen 11:23-34

Pratik: Diskite kisa gwoup paw la bezwen fè pou li ka vin tankou yon legliz selon deskripsyon legliz la nan paj sa yo. Tankou yon gwoup, nan yon fèy papyè blan desine yon wonn an liy pwenntiye prezante pwòp gwoup paw la. Anlè tèt li bay 3 manb ki regilye nan rankont yo. Nonb de moun ki kwè nan Jezi (yon kwa) nonb de moun ki batize aprè ke yo fin kwè (dlo).

Si gwoup paw la pran angajman poul vin yon legliz, fè liy pwenntiye a an won si kew pratike regilyèman chak grenn eleman sa yo anndan wonn paw la, si kew pa fè youn nan eleman sa yo, ebyen tann youn nan etranje yo pou vin ede ou, epi desine eleman yo deyò sèk la.

1. Angajman pouw vin yon legliz: Trase sèk la byen olye ou fè pwenntiye.
2. Batize – dlo
3. Bib – liv
4. Komemore Jezi / pen ak gode
5. Pataj – kè
6. Bay epi fè travay ministè ou – siy lajan
7. Priyè – priye avèk menw yo
8. Louwanj – leve men ou
9. Pale lòt moun de Jezi – kenbe men yon zanmiw ke wap kondi na lafwa
10. Lidè yo - bèl vizaj souriyan.

Kisa gwoup paw la manke poul ta vin yon legliz ki an santé ?

Pale de ou epi de Jezi a 5 moun nan semèn sa a. Fè sa chak semèn.

KISA POU NOU FÈ APRÈ?

Ale nan pati seri adekouvri a, oubyen seri fòtifye a, oubyen chwazi yon liv nan Bib la Jan oubyen Mak, (chwazi yon istwa pou chak reyinyon). 34

RESOUS ADISYONÈL

SERI ADEKOUVRI

(POU MOUN YO KI BEZWEN YON BACK UP NAN BIB LA POU YO KA FAMILYARIZE YO)

Itilize pasaj sa yo pou pati de rechèch gwoup paw la. Gwoup paw la ka bezwen plis ke yon rankont pou kèk nan pasaj sa yo:

Dekouvri Bondye - kiyès Bondye ye epi ak ki moun li sanble

1. Kreyasyon – Jenèz 1
2. Kreyasyon moun – Jenèz 2
3. Dezobeyisans lèzòm – Jenèz 3
4. Noye e delij la – Jenèz 6:5-8 ; 14
5. Bondye fè Noye yon pwomès – Jenèz 8:15 – 9:17
6. Bondye pale ak Abraam – Jenèz 12:1-7 ; 15 :1-6
7. David yon desandan Abraam vin wa - 1 Sam 16:1-13 ; 2 sam 7:1-28
8. Wa David e Batcheba 2 Sam 11:1-27

9. Istwa Nathan – 2 Sam 12:1-25
10. Sovè Bondye pwomèt la ap vini – Ezayi 53

Rekonèt Jezi – kiyès Jezi ye e poukisa li te vini

1. Sovè a fèt – Mat 1:18-25
2. Jezi batize – Mat 3:7-9, 13 :15
3. Gerizon nonm fou a – Mak 5:1-20
4. Jezi pa janm pèdi mouton li yo - Jan 10:1-30
5. Jezi geri avèg la – Lik 18:31-42
6. Jezi e Zache – Lik 19:1-9
7. Jezi e Matye – Mat 9:9-13
8. Sentepri a vini – Jan16:5-15
9. Jezi se sèl wout la – Jan 14:1-15
10. Dènye repa Jezi a – Lik 22:14-20
11. Arestasyon e eprèv – Lik 22:47-53 ; 23 :13-24
12. Ekzekisyon (lanmò Jezi) – Lik 23:33-56
13. Jezi vivan - Lik 24:1-7, 36-47 ; Trav 1:1-11
14. Kwayans e pratik - Filip 3:3-9 .35

RESOUS ADISYONÈL

SERI DE FÒTIFIKASYON

(POU NOUVO KWAYAN YO, OUBYEN KEK GWOUP KI BEZWEN APRANN DISIPLIN DE BAZ YO)

Jezi di nou bezwen aprann obeyi 7 disiplin de baz sa yo. Kontinye pataje pawòl Jezi ak moun ki nan lis ou a.

- 14.1 Aprann e pratike - Jan 14:15-21
- 14.2 Repanti, kwè, swiv - Mak 1:14-17 ; Efezyen 2:1-10
- 14.3 Se poun batize – Mat 28:19 ; Travay 8:26-38
- 14.4 Renmen Bondye, Renmen moun – Lik 10:25-37

Jezi di tou; aprann obiye 7 komandman de baz yo Jezi yo. kontinye pataje Jezi ak moun nan lis ou a.

- 2.1 Pale ak Bondye – Mat 6:9-13 / Aprann e pratike modèl priyè Jezi a.
- 2.2 Sonje e komemore Jezi – Lik 22:14-20; 1 korentyen 11:23-32
- 2.3 Bay –Travay 4:32-37

2.4 Pataje pawòl la ak lòt yo – Mat 28:18-20

Swiv menm jan avèm – fè dè disip. Pataje ak lòt moun sa ou aprann yo, epi montre yo fè menm jan an tou.

3.1 Fè yon disip - 2 Tim 1:1-14

3.2 Pataje pawòl la avèl - 2Tim 2:1-4, 14-16

3.3 Aprann yo pou yo ansenye lòt moun – 2 Tim 3:1-17

3.4 Moman difisil yo – 2 Tim 4:1-22

Miltipliye gwoup paw la - Reyini disip paw yo nan yon nouvo gwoup.

4.1 Koumanse e fè yon plan – Lik 10:1-11 / Tande enstriksyon Jezi yo lè w'ap komanse yon nouvo gwoup.

4.2 Reyini ansanm –Travay 2:14-47

4.3 Òm de pè - Mak 5:1-20 ; 6:53-56 / Chache moun ki gen volonte pou pataje istwa yo de Jezi. Koumanse yon gwoup ak moun sa, zanmi li epi fanmi li.

4.4 kiyès ki prè? - Mat 13:1-9, 18-23

Dirije - aprann kouman pouw dirije yon gwoup

5.1 Modèl (dirije konsa) - Jan 13:1-17

5.2 Modèl (pa dirije konsa) - 3 Jan 5:14

5.3 Asiste – Mak 4:35-41

5.4 Siveye – Lik 10:1-11, 17, 20

5.5 Ale – Mat 25:14-30

Ale nan on lokal – Aprann kijanw ka genyen kominote lokal la.

6.1 Ale : lokal –Travay 1:1-8

6.2 Ede pòv yo. Pataje bon nouvèl la – Lik 7:11-23

6.3 Ale kote Bondye voyew – Trav 10:9-48

6.4 Ale ak yon plan - Trav 13:1-3, 32-33, 38-39 ; 14:21-23

Ale: global - Aprann kouman ou ka genyen tou tè a.

7.1 Ale: Mond la - Trav 1:1-8 ; Mat 28:19-20

7.2 Ale kote Bondye voyew - Travay 8:26-38

7.3 Bondye renmen tout moun - Jan 4:4-30, 39-41

7.4 Ale ak yon plan – Trav 13:1-3, 32-33, 38-39 ; 14:21-23

Sonje prensip de baz yo. Aprann kisa pouw fè lè nou rankontre.

8.1 Jezi an premye – Filip 2:1-11

8.2 Pale ak Bondye – Mat 6:9-13

8.3 Kominote – Ebre 10:23-25

8.4 Bib la - 2 tim 3:10-17 .36

SERI DE FÒTIFIKASYON (KONTINITE)

Angajman – Aprann poun rete fèm epi swiv Jezi.

9.1 Dezobeyisans - Jonas 1

9.2 Angajman – Jonas 2

9.3 Obeyi – Jonas 3

9.4 Obeyi jiskobou – Jonas 4

9.5 Itilize li oubyen pèdil – Mat 25:14-30

KISA NOU DWE FÈ ANKO?

Chwazi pasaj paw nan Bib la epi kontinye rankont yo. Itilize menm kesyon yo ki nan fòm randevou yo. pa sispann fè rankont yo. 37

RESOUS ADISYONEL

SERI ESPWA:

(POU MOUN KAP CHACHE)

Itilize pasaj sa yo pou pati de rechèch gwoup paw la. Gwoup paw la ka bezwen plis ke yon rankont pou kèk nan pasaj sa yo.

1. Espwa pou pechè yo : Lik 18:9-14

2. Espwa pou pov yo : Lik 12:13-34

3. Espwa pou moun ki chite yo : Lik 15:11-32

4. Espwa pou moun ki pèdi yo : Lik 19:1-10

5. Espwa pou moun ki chagren yo : Jan 11:1-44

6. Espwa pou moun k'ap chache yo : Jan 3:1-21

SIY JAN YO:

(POU MOUN KAP CHACHE)

Itilize pasaj sa yo pou pati de rechèch gwoup paw la. Gwoup paw la ka bezwen plis ke yon rankont pou kèk nan pasaj sa yo.

1) Li chanje dlo a an diven – Jan 2:1-12

2) Gerizon pitit gason general la – Jan 4:46-54

3) Gerizon paralyze a – Jan 5:1-17

4) Li nourri 5 milyon moun - Jan 6:1-14

5) Li mache sou dlo - Jan 6:15-25

6) Gerizon nonm ki te fèt avèg la - Jan 9:1-41

7) Li resisite Laza pami mò yo - Jan 11:1-46

.38

RESOUS ADISYONEL

CHAT KESYON DE RESPONSABILITE POU TI MOUN YO

Kesyon sa yo nou depoze yo, youn ak lòt nan rankont nan semèn nan poun wè si chak moun jwe wòl yo.

(Pwovèb 27:17)

Nan reyinyon semèn nan nou ka poze kesyon sou responsabilite nou. Yo la pou estimile konvèsasyon nou yo e karaktè e lè nap konfese peche nou yo bay Bondye epi youn ak lòt nan yon espas ki sen e onèt, ki vilnerab, konfidansyèl epi de gras.

1. Kisa saw te aprann nan leson semèn pase a ki gen rapò ak saw pance e laviw?
2. Avèk ki moun ou te pataje entansyon ou a semèn pase a, epi kijan yo te akeyil?
3. Kòmanw te wè ke Bondye tap travay pandan semèn nan?
4. kouman ke aksyonw epi travay ou montre lòt moun yo kew renmen Jezi?
5. kouman kew vin respekte paran ou yo e lòt granmoun bo kotew yo pandan semèn sa?
6. kouman kew vin renmen ankouraje lòt moun menm lèw pa fin santiw alèz pou fè sa?
7. kouman kew twouve ke Bondye te reponn priyè ou yo pou semèn pase a?
8. Èskew pa konn blese okenn moun oubyen fè yo santi yo mal nan fason ou pale?
9. Èske pawòl ou yo pa dezonèt, oubyen aksyonw yo, èske ou pa egzajere ladan yo?
10. Nan ki dimansyon kew fache oubyen fistre lè kew pa jwenn yon bagay ou te vle?
11. Èskew pa jan ka rive padone yon moun?
12. Ki fason ou santiw lè ke ou vle genyen oubyen swete genyen on bagay ki pa pou ou?
13. Konbyen fwa kew fache sou lòt moun?
14. konbyen fwa kew pa fè sa kew ta sipoze fè?
15. Èskew konn sezi kèk opòtinite pouw sèvi oubyen beni lòt moun?
16. Èskew fini etid Biblik ou a? kisaw te aprann?